

# Sipò pou Sante Mantal ak Katastwòf **Resous**

## Kijan Pou w Jwenn Èd

Si w ap fè fas avèk yon katastwòf oswa w ap fè fas avèk yon kriz sante mantal, men kòman ou kapab jwenn èd:

## Resous nan Ka Kriz Sante Mantal

### Liy Asistans pou Ti granmoun

Rele 1-800-963-5337

Disponib 24/24, 7/7 pou bay enfòmasyon konsènan sèvis ak sipò pou ti granmoun yo ak fanmi yo.

### Liy Asistans Veteran Florida yo

Rele 1-844-963-5838

Bay sipò ak resous espesifik pou veteran yo 24/24, 7/7.

### Liy Asistans pa Mesaj Tèks lè gen Kriz pou Premye Entèvenan yo

Voye mesaj tèks "Badge" bay 741741

Bay sipò pou sante mantal atravè mesaj tèks 24/24, 7/7 pou premye entèvenan yo.

### Ekip Entèvasyon Mobil

Vizite MyFLFamilies.com, paj "Mobile Response Teams" la

Fè entèvasyon an prezansyèl nan ka kriz pou sila yo ki ap fè fas a kriz sante mantal.

### Liy Ijans 988 Florida a

Rele, voye mesaj, oswa tchat avèk 988

Disponib 24/24, 7/7 pou pote sipò bay moun ki genyen lide pou yo touye tèt yo, pwoblèm toksikomani, kriz sante mantal, oswa detrès emosyonèl.

## Resous Sipò nan Ka Katastwòf

### Liy Asistans nan Moman Katastwòf

Rele 1-800-985-5990 oswa voye yon mesaj "TalkWithUs" pou 66746

Disponib 24/24, 7/7 si ou bezwen sipò pandan yon katastwòf.

### Aktive Espwa

833-GET-HOPE (438-4673)

Antanke bra dwat inisyatif Hope Florida a, Activate Hope mete sektè prive a ak òganizasyon san bi likratif yo epi resous gouvènmantral yo ansanm nan lide pou ede abitan Florida yo remete tèt yo sou pye aprè yon katastwòf natirèl fin pase. Activate Hope mete abitan Florida yo an kontak avèk resous eksteryè yo pou ba yo manje, atik menaje, ak reparasyon nan kay yo ak plis toujou.

### Pwogram Ranfòsman Premye Entèvenan yo

Vizite MyFLFamilies.com, paj "Florida First Responder Resiliency"

Bay konsèy sou sante mantal, soutyen ant kamarad, ak fòmasyon pou ede premye entèvenan yo jere eleman estresan ki gen rapò avèk travay.

*Ou pa janm  
poukont ou.*

Rele bon nimewo a  
pou tèt ou epi chèche  
jwenn èd ou bezwen an.

